
RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng octawi
kirang: f 0.50.

Advertentie limrah: f 0.15 sagaris;
(apes: f 1.25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, octawi moendoet dados lenganan,
tepan rembag roemijin kalijan admini-
stratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

ISINIPOPEN:

Lampah koela dateng ngeroem —
Taoen énggal — Bendoengan arta —
Gesang rerajatan enz. — Oeroen
boembœ — Narimah ing satjekap —
K.W. Magelang — K.W. Medari —
K.W. Semarang — K.W. Moentilan
É, apa tansah roewed baé — Ontjén
sekar gambir melafi — Oerap-sari —
Correspondentie.

LAMPAH KOELA DATENG
NGEROEM.

Rome (30) 29 Nov. 1929.
Via S. Nicola da Tolentino, 8

Kados kagèt gragapan kagetak, mekaten raosing manah koela, nalika koela mireng dawoeh saking nginggil; bilih koela katimbalan dateng Ngeroem perloe sowan ing ngarsa dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng sinanta Rama. Boten ngimpi boten ngrempeloe, jén koela badé énggal soemerep poesering djagad Katolik.

Doemawahing dawoeh wonten dinten Kemis tg. 21 Nov. 1929. Déné pangkat koela katemtokaken wonten dinten Setoe tanggal 23. Saréhning keslepek, kedah trangginas tjantjoet toemandang. Pramila dintenipoen Kemis sangoenipoen kekésahan ingkang perloe-perloe sampoen tjoemawis kados déné pas, salin l.s.s.

Setoe sijang tanggal 23 mangkat saking Maastricht, ngampiri Rama J. Fr. Abé, prijantoon imam bangsa Djepang, ingkang sinaoe wonten ing Valkenburg.

Angkah koela badé njipeng wonten ing Valkenburg. Nanging sa-demoegining ngendon kadowaheun djoeg plentjeng teroes dateng Köln, nglangoengi Aachen.

Kinten-kinten djam 10 soneten ngle-
res grimis koela sampoen nganteng wonten ing ngadjeng Katedral ingkang misoewer, inggih poenika Katedral ing Keulen, perloe ngentosi trém elektrik. Ngadjengaken djam 11 sampoenglempoese sebab nggredjih.

Éndjingipoen bakda ngladosi Mis-
ipoen Rama Abé, teroes seslémek, woesana njingklak taksi, sebab dja-
wahipoen saja deres. Sadoemoegini-
poen setatijsen, saweg badé medak, Rama Abé ngendika tjara Duitsch, menggah jén kadjawékaken mekaten: „Wé lah, tjlinting, kartjiskoe lan
boekoekec sembahjangan kéri. Pir
bali disik!“ Tjengkélak wangsoel,
sadoemoeginiopoeng setatijsen, ragi
dékék-dékék, margi kepatjal sepoer
ingkang endasipoen ageng, gandem,
pengkoeh.

Wontenipoen inggih namoeng moe-
poes, ladjeng mlampah - mlampah
wonten ing setatijsen, ingkang ageng-
ipoen sakinten tikel ping sedasani-
poen setatijsen Toegoe ing Ngajog-
jarkarta. Ratjakipoen setatijsen ing
kita - kita ageng tanah Duitschland
pantjén ageng wijar, pakoléh, kekah,
ndemenakaken, senadjan kawon mré-
tjet kalijan setatijsen ing pradja Ne-
derland.

Sedaja pitedah ingkang prajogi
dipoenomerepi para andon keké-
sahan kaserat tjeta, kapasang ngéglah
ing papan ingkang adakan. Menawi
kapexa taksih bingoeng, ing poendi-
poen wonten poengwang ingkang
tjoemawis soeka pitoeloeng.

Saking Köln ngetiging dateng
Mainz nglangoengi Koblenz. Wiwit
djadjahan Koblenz lampahing sepoer
mlipir troetoet pinggir Bengawan
Rhein, ingkang kaamping-ampungan
paredén éndah asri karonjok gria
tjélik-tjélik. Ing poetjaking paredén
katah ingkang dipoenedgi panti sari
manéka warni; saé sinawang nge-
sepaken mripat.

Wonten ing Mainz ndjoedjoeg ing
Wisma seminaragoeng. Wonten ing
kamar dahar kabagékaken pandje-
nanganiopoen ingkang sinoeba Rama
Regent, pengagingoeno seminari.

Wonten ing Mainz njipeng kalih
daloe. Senén éndjing ningali „Der
Dom zu Mainz“ inggih poenika
Katedral jasan kina. Ingkang ngirit Rama
djoeroe pangreksa padaleman soetji.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

TAOEN ÉNGGAL

ingkang kersa nerang - nerangaken
kanti tapis, prekewis rakiting gria,
éndanhing jejasan saha goenanipoen
barang - barang ingkang pinangih
ing ngrikoe. Doemoegi ing sakristi
dipoentehai lemantoan tosan kah
ageng, dipoenoebengi radjeg tosan
pengkoeh santosa. Sareng kabikab,
lampoe éléktrik kadjetétaken, radja
pèni barang soetji katingal abjor
goemebjar, margi saking katahing
djené sinarawèdi.

Toewoeng kentjana rintonjok inten
djoemoeroet toewin moetyara, pi-
soengsoengipoen Kangdjeng Ratoe,
Garwa dalem Praboe Napoleon I
dateng Ingkang Minoelja Maha-bis-
shop ing Mainz, tjopoe djené,
dampar paséwakan Sacrament ing-
kang Maha - soetji, selaka kaseling
djené, boekoe kina ingkang awoe-
djoed watjoetal, kaeoir-oeirk sarta
mawi seratan pradan, rinengga kan-
ting koepen djené l.s.s. sadaja sami
katingal pating pentjorong.

Koela roemaos bingah, déné tak-
sih katah tjatjahing Grédja, ingkang
rōemeka sanget dateng koentjara-
nipoen oepa - tjara oeba - rampéning
Koerban sarta Sacrament ingkang
Maha-moelja. Awiteng sajektosipoen
moestikaning adi dèréng nama pèni
mantesi kaloehoeranipoen Widdi.

Senén sijang manggihi para Rama
Carmeliet bangsa Welandi, ingkang
mentas kémawon wangsoel manggèn
ing kita Mainz, ngiras mlantjung
ningali Kawontenaning kita. Toeroet
margi kerek kapetok prajoerit

bangsa Fransch, ingkang sami ma-
koewon ing ngrikoe.

Selasa sijang mangkat saking
Mainz, ragi soemedot margi saking
saé saha soemanakipoen pangreng-
koeh. Para Maha-dwidja dalasan para
siswa pandita sami soeka legawa,
gapjak toewin pradah. Saking koem-
ahed-kedahipoen kepèng mireng-
aken Kawontenanipoen bangsa Djawi
lan missie Djawi, malem Selasa koela
kagéndeng karoeboeng kapoerih tjari-
jos. Sarehning kasagedan koela basa
Duitsch dérèng paséh, taksih kital
margi kirang lantih, (tjiang wonten
Maastricht poenapa inggih gineman
Duitsch), koela ladjeng teroes nda-
lang, ngetepoes goeproek tjara Latijn
watawas sadjam, ngandarakken bang-
sa, tanah lan missie Djawi. Sareng
sampoen kraos menire nedal madal
pasilan; para resi moeda katingal
lega. Nalika poenika wonten siswa
ingkang djoemeng lan ngendika: „Rama,
koela poenika bangsa Jahoedi
lan sampoen mertobat. Nalika Rama
ngendika, koela kèmeotan tjarijos ing
babad soetji bab menara ing Babel.
Kala semanten para bangsa sami
seling serap margi basanipoen dados
mantja-warni. Nanging soneten poe-
nika bangsa warni-warni saged dados
satoengal, noenggil Rama, noenggil
Iboe, noenggil bisa.“ Siswa sanési-
poen sami keplok, woesana bibaran.

Wonten ing setatijsen Mainz sa-
ring sampoen tata linggih ing gre-
bong, wonten sedادoe Prans ingkang
ndafengi, tjaos oermat lan gineman
Dipontakéni tjara Djepang Rama
Abé, poen sedادoe tingk - tingkoek.
Sareng koela tandoeki tjara Prans
saged mangsoeli blenteng-blenteng.
Sedادoe waoc bangsa Anam saking
Indija wingking tanah Conchin China,
djadjahan Frankrij. Sareng koela
tjriosi, jén koela poenika satrija
Djawi asli Mataram, poen sedادoe
kraos tjoemelpon, moendoer, ko-
djah kalijan kantjanipoen.

Semanten roemijin; taksih wonten
ladjengipoen. A.S.

Ing taoen énggal poenika temtoe-
nipoen saben tjiang gadah pang-
djeng - adjeng; tjiang satoenggal-
toenggalipoen boten sami ingkang
dipoenadjing - adjeng; béda - béda-
nipoen waoc kabekta saking boten
sami kabetahanipoen. Jén laré na-
moeng kepéngin dolanan; para
ném - némman inggih sanés ingkang
tjiang Indonésia sagedipoen am-
bendoeng arta.

poen P. D.

soen, poenapa malih wedal sapoe-
nika, ingkang dados gagasanipoen,
bok ija gèk énggal oedan manéh.
Tjiang lelajarán njoewoen soepados
wioloedjeng wonten ing margi; déné
para dagang sageada padjeng katah.
Sadaya poenika saé, lan samangsa
migoenani, temtoe badé kabooel.

Déné kita tjiang Katoelik nomer
satoenggal njoenjoewoen, soepados
ing warta énggal poenika ingkang
Maha - Koewasa angerobi djagad
mawi sih paring. Dalem ingkang
katah sanget; njenjoewoen, soepa-
dos saja mindak - mindak ingkang
soewita ing Pandjénenganipoen.

Njenjoewoen barang dijasmani ké-
ning oegi, awit poenika saged
dados sarananiipoen nggajoe idam-
idaman kita; awit poenika kéng-
kangé anggampilaken anggèn kita
sami nindakaken koewadibjan. Da-
dos boten wonten awonipoen icthijar
amrih saéning jejasan kita sadaja;
oepami: V.L. Stichting, Roekti Woeri;
ichtijar amrih soeboering pakem-
palan - pakempalan kita P.P.K.D.,
P.K.W. saha serat kabar kita Soe-
ra Katholiek toewin Sw. Tm.

Moegi - moegi serat kabar kekalih
sagede soemebar, moenfadiot gotrah
Katoelik, dados tetangsoelipoen bra-
jat Katoelik sadaja, tanah Djawi toew-
in tanah mantja; moegi widadaa,
manggih rahajoé, kalis ing sakara-
kara. B.B.

PRADJA RAHAJOE.

BENDOENGAN ARTA.

Ing serat „verslag van het Alge-
meen Syndicaat van Suikerfabrikan-
ten in Ned. Indië over 1928“ wonten
ingkang njeboetaken katahing arta
pabrik ingkang katampékaken dateng
tetijang ingkang gandèng kalijan
pabrik ing salebetipoen Goep-
ménan Ngajodja lan Soerakarta.

Pabrik-pabrik teboe poenika sa-
ben taoen temtoe betah bamboe,
brondjong, tangsoel doek, séla,
banon, gendèng, krandjeng lsp.
Wondéntoembasipoen dateng tjiang
Djawi (Ngajodja lan Sala).

Arita ingkang katampé dening te-
tijang minangka patoembasing ka-
betahan ing nginggil waoe toemrap
Soerakarta ing taoen 1928 wonten
f 279.042.30 lan toemrap Ngajodja
f 607.139.74.

Arta kaggé berahan toemrap
Soerakarta ing taoen 1928 wonten
f 7.413.584.76, toemrap Ngajodja
f 8.897.682.66.

Arita séwan sabin dipoenpérang
dados kahil, toemrap Soerakarta
f 1.277.832.36 lan f 171.086.02,
toemrap Ngajodja f 1.849.053.88 lan
f 336.494.72.

Dados goenggoeng toemrap Sala
9 joeta 141 éwoe 545.44 roepijah,
toemrap Ngajodja 11 joeta 690 éwoe
371.00 roepijah.

Koela mastani arta samanten poe-
nika boten sakedik. Batinipoen pa-
brik pinten joeta, boten koela rem-
bag. Ingkang koela goemoeni poenika
tjiang Ngajodja lan Sala ingkang
tampi arta samanten waoc teka boten
katingal mindak gagah. Jén koela
ningali kiwa tengen, gria gedong-
gedong ingkang gadah taksih Wlandi
lan Tjina. Gria Djawi taksih gedég
kémawon, nindakaken jén ékon-
ominipoen boten madjeng. Poenika
djalaran bandjiring arta waoc boten
dipoenbendoeng. Bakda tampi la-
djeng katalasaken. Rékanipoen ne-
lasaken: gampil, kadosa: kaggé
slametan, kaggé tetoemas ingkang
pantjén boten perloe lsp. Memelas!

Damel bendoeng arta poenika jén
boten dipoen-gegoelang saking
wiwit alit wonten ing pamoeangan
oetawi wonten ing gria, boten
gampil toemindakipoen. Mila mang-
ga para djoeroe-nggoelawental sami
tjantjoet tali wanda sarana toelada,
ngoeidi lan ngetjakaken kados-poendi-
tjiang Indonésia sagedipoen am-
bendoeng arta.

Wasana mangsa borong.

LARASATI.

GESANG RERAJATAN LAN DJA-
GAD SOCIAL.

Sametipoen Sw. Tm. No. 46.

Makaten para sadérèk koewa-
djibanipoen tjiang éstri. Nanging
poenika dérèng djangkép. Tjobi
kapirena; ing ngrikie badé koela
djilentréhaker, kados poendi tjan-
dra-nipoen tjiang éstri sadati. Menggah-
ing tjiang éstri sadati, tjiang djal-
er boten soesah semang - semang, na-
nging malah prajogi pitados dateng
katemenanipoen, tindak doegi prajo-
gi, pangatos-atos toewin kasrege-
ipoen. Kaperloeanipoen tjiang djal-
er, kaantjas saha kabetahan sanésipoen
kapasrahna dateng tjiang éstri lan
ing ngrikie temtoe boten badé ke-
kirangan satoenggal poenapa. Tjiang
éstri santosa ateges: soelistya, saé
beboedéniopoen, adedasar mantep;
poenika andjalari saged netepi koe-
wadibjan kanti sampoerna. Ing sa-
djeg gesang, badé ketenggan beg-
dajah, badé mang'ih sambékala, badé
ginandjar lara lapa, tansah adamel
saé lan bingah dateng tjiang djal-
er.

Tjiang éstri sadati badé tengèn;
éndjeng oemoen - oemoen sampo-
nika, poenapa ingkang badé li-
nampahan ing dinten poenika. Kados
déné tjiang éstri ingkang ndjagi te-
danipoen sadaja ingkang noenggil
gria; oegi temtoe lingsem angantih
(nindakaken pandamelan ing salebet-
ing gria). Tjiang éstri sadati gadah
manah welasan, teteloeng tjiang
keskrat toewin nandang lara lapa.
Sabé dinten tansah djagi - djagi;
soemelang menggahing bagas kasa-
rasanipoen ingkang toenggil sagrija.
Rinten daloe angrengga - ngrengga-
gria; njandang inggih sapatoetipoen,
nglenggahi kradjadaniipoen; na-
nging njingkoer dateng watak pamér
lan pados manah; sensit dateng
njandang pating ketetéh saé éwa
dateng lembah manah ingkang ki-
rang mapan.

Sinten ingkang ngemen-emenaken
prakawis kasboet nginggil, badé
dados dhatining tjiang éstri, oeno-
esaing wanodya prasasatiipoen. Mak-
aten poenika ingkang kakadjengaken
kitab Soetji. Makaten kedah kawon-
tenanipoen tjiang éstri ingkang
badé nggajoe dradjadipoen. Lan tjiang
ingkang gadah sisih makaten
poenika, temtoe begdja sanget, boten
badé manggih aral poenapa kémawon.
Mila soewawi sadérèk kita wa-
nita sadaja sami maoedjoedi tjan-
dran nginggil. Sadaja poenika temtoe
wonten angélipoen, anangking kita
ingkang gadah srana katah sanget,
boten badé ngoendoeri kangélan
sakedik; oeger gadah kadjeng ké-
mawon, kijeng, tahan lan adjeg
anggèn kita sami nindakaken, sada-
ja-sadaja badé gampil linampahan.

A.

OEROEN BOEMBOE.

Kepareng njambeti andaranipoen
sadérèk: Jén kober, ing Sw. Tm.
no. 43, bab pangreksan wanita.

Pantjén kasingihan sanget meng-
gahing roebédanipoen wanita ing-
kang oewal saking djaman pasi

SAKING PAKEMPALAN

PAREPATAN K. W. MA-GELANG, TG. 22 DEC. '29.

Djam 10 éndjing parepatan di-poen bikak mawi adat Katholiek.

Séeng sampoen dipoenwaos se-cretaris, notulen kaabsahaken, jaar-verslag makaten oegi.

Ingkang katetepaken dados war-ga verificatie-commisie:

Hr. A. Soedarsana.

Hr. Marcus Tyasa.

Hr. J. Darga.

Sadérèngipoen pilihan pangrèh toewin ngrembag oesoel-oesoel, parepatan mräjogekaken jén ingkang karembag roemijn: K. W. wonten Magelang poenika perloe poenapa boten.

Warga A. njarijsaken jén K. W. toemraping Magelang perloe sanget, awit K. W. poenika toedjoenipoen ngrembag babagan sociaal, mangka tijang sadaja poenika kedah ngrembag bab sociaal.

Warga B. mangsoeli: „Sampoens mestinipoen bilih tijang sadaja poenika ngrembag babagan sociaal, nanging oepami boten wonten K. W. inggih saged.

A. pitakén: „Poenapa P. P. K. D. saged ngrembag babagan sociaal?”

B. Saged kémawon. Jén pakem-palan sociaal poenika boten kenging ngrembag politiek. Nanging pakem-palan politiek boten dipoenangger-anggeri jén boten kenging ngrembag bab sociaal.

A. K. W. poenika sampoen da-noge wontenipoen, éman-éman jén ngantos pedjah.

B. Manawi koela boten éman-éman. Pakem-palan kalih poenika na-moeng metjah-metjah kekijatan.

Manawi namoeng wonten pakem-palan satoenggal poenika saged kijat.

A. Nanging katingalipoen ladjeng boten roeko.

B. Boten dados poenapa manawi namoeng katingalipoen kémawon. Tijang saged tjarijos boten roeko poenika jén P. P. K. D. dipoenpe-djahi. Ing ngriki kosok wangsoel-ipoen P. P. K. D. badé dipoen-satosakken.

Séeng sampoen dipoenrembag dangoe ladjeng dipoensetém schrif-telijk. Ingkang tjetjog wonten K. W. ing Magelang 4, ingkang boten 10.

Djam 2 sijang parepatan katoetoep. Para warga badé manah-manah roemijn bab itjal oetawi boten-ipoen K. W. ing salebetipenoen se-woelan.*

Verslaggever.

*) Soepados ragi gantjang rembagipoen Red. njaosi olar-olar sakedik:

Pakem-palan poenika poenapa ta? Lo wis tjeta teka ditakoké! Pakem-palan poenika klempaking tetijang ingkang toenggil toedjoe lan toenggil saranaipoen anggénipoen badé ndjanganca dateng toedjoe waoe sarta limrah-ipoen mawi panoentoen (pangrèh).

Sarehning tjiang golong-golongan poenika kabetahanipoen pijambak-pijambak, toedjoenipoen nglempak inggih warni-warni, mila pakem-palan poenika inggih warni-warni kadosta: pakem-palan politiek, p. ngrembag gesang sociaal, p. para goeroe, p. para poeng-gawa sepoer, gantosan, p. wanita lsp. Ing golongan Djawi Katoelik inggih sampoen kathah pakem-palan kadosta: P. P. K. D. (pakem-palan ngrembag gesang sociaal), W.K. van Lith - stichting, Pangroekti-laja, Roekti-Woeri, Dalang - bond lspa.

Lo poenapaa teka warni-warni? Inggih amargi toedjoenipoen warni-warni.

Apa jén warna-warna ki ndjoer ora pating bléngkrah? Poenika goemantong sa-king anggénipoen nindakaken. Jén toedjoenipoen P. P. K. D. ngalang-alangi P. K. W. oetawi W.K., Pangroekti-laja lsp. temtoe kémawon ladjeng boten kanten-kantenan. Pakem-palan poenika kenging koela oepa-makaken gegeletinan badan, ingkang toedjoenipoen pijambak-pijambak, kadosta: mripat toedjoenipoen kenggé nenigali, koe-ping kenggé memrière, tangan kenggé nje-njepeng, soekoe kenggé loempanah lsp. Manawi sadaja gegeletinan saé toemindakipoen, ingkang dipoenase déning tijangipoen ingkang gadah gegeletinan, temtos kémawon inggih kadoemoegen.

Makaten oegi manawi sadaja pakem-palan-pakem-palan kita toemindak saé, ingkang dipoenase déning bangsa Djawi Katoelik temtoe badé katjepeng.

Toemindak saé poenika tegesipoen manoet pranatan, printjen-printjenipoen pijambak. Kados déné medot tangsoel, poenika mawi tangan; mawi oetawe inggih toemindak, na-ning saged ladjeng ngrisakan oentoe oetawi saroe tinigalan, oentoe makaten wonten kenggénipoen pijambak.

Makaten oegi jén P. P. K. D. njakoep P. K. W., W. K. lsp. oetawi P. K. W. njakoep P. P. K. D. lsp. oegi saged toemindak, nanging inggih poenika ladjeng kisroeh, kados oentoe kenggé medot tangsoel, tangan kenggé mlam-pah lsp., mila makaten le, awit tijang poenika bédá-bédá, wonten ingkang merlokaken sanget dateng politiek, wonten malih ingkang merlokaken sanget dateng gesang sociaal, wonten malih sarehne wanita inggih ngrembag kabetahaning wanita.

Ze, awit ingkang karembag bédá-bédá. Ingkang dipoenrembag déning Dalangbond, boten magepokan politiek, dados jén makaten boten perloe ngajom oetawi dados satoenggal kalijan P. P. K. D. Katah prakawis sociaal ingkang boten magepokan kalijan politiek, tjejak lan saé jén karampoengen pijambak, mila P. K. W. inggih kedah madeg pijambak. Saréhne katah prakawis ingkang saé jén karampoengen pijambak kadosta: pradjangdjianipoen kaemboeroek kalijan kaembo hartaawan, mila boten perloe P. P. K. D. ngrembag poenika, awit ladjeng kekatahan ingkang karembag, woesa-na dados kisroeh. Jén dipoenrembagpijambak boten saged, ing ngrikoek P. P. K. D. saweg teteeloeng. Jén sadaja-sadaja kadamel politiek, kita ladjeng dados socialist inggih poenika dalasan ngoela-wentah anak kémawon kedah dados kawadjiwanipoen Negari,

tijang sepoeh boten kenging tjawé-tjawé. Ing nagari Wlandi wonten pakem-palan satoenggal: Katholieke Actie. Pakem-palan sanésipoen kadosta: Patroonsvereniging, Middenstandsvereniging, Arbeiders-vereniging, Coöperatieve inkooper, Bouwer, Vakver, Ontwikkelingscursus lsp. sami ngajom ing ngrikoek. Poenika sadaja gandeng kalijan Kiesvereening (politiek), Vereeniging voor Eer en Deugd (agami) lsp.

Ngriki pakem-palan warni-warni toemindak saé, ngriki makatena oegi.

VERSLAG TAOENAN K.W. MEDARI.

I. a. Tjatjahing warga poengkasa-ning taoen 1928 wonten 29	warga tambah 15
	goenggoeng 44
medal margi pindah 3	dipoendalaken 2
	kantoen 39
b. Warga pangrèh taoen 1929 wonten 7	
1. Hr. J. R. Hadisoerapta —	pangarsa.
2. „ J. Darmawidjaja — panitra.	
3. „ Darmawardaja — hartaka.	
4. „ Hardjawardaja —	djoeroe noepiksa.
5. „ R. Hadisoemarta —	djoeroe noepiksa.
6. „ Atmasoemarta —	djoeroe noepiksa.
7. „ Padmapretama —	djoeroe noepiksa.
II. Parepatan warga pangrèh	kaping 7.
Parepatan warga	kaping 4.
III. Pedamelanipoen K. W. ing taoen 1929.	
1. ngoedi tambahipoen goeroe agami, srana ngawontenaken woe-langan agami kenggé para goeroe magang goeroe agami.	
2. ngwontenaken „Katholieke dag awoedjoed congres kados ingkang sampoen kelampahan Nglempong.	
3. njaosi serat dateng Souperior njoewoen pastoor kenggé Medari.	
4. ngatoeri Rama Pastoor Satiman ngoerbanaken Mis Soetji wonten ing Medari, toewin ngwontenaken pista.	
5. ngwontenaken tjabang pakem-palan, Paleoepi-Darma; wiwit ma-deg woelan Mei 1929 warga 190; sampoen saged nglempakken arta f 53,88 ⁵ .	
6. propaganda V. L. Stichting — angsal warga 13.	
7. ngrembag tjabang P. P. K. D. saha ambenoem commissie.	
8. ngwontenaken tjabang W. K.	
9. ngwontenaken pista kenggé nge-neroemati 50 taoenanipoen K. S. Bapa.	
10. njoewoen dateng Bestuur-Canisius; soepados dipoenwonten-nana „Conferentie” — pepanggihan-ipoen para goeroe missie ing Medari, perloe ngrembag kabetahaning para goeroe, apes setaoen kaping 2 (panjoeoen katampi).	
11. ngadjengaken Swara-Tama + Tamtama - Dalem - Dèwi - Mariyah + ngeroers arte lengganan (lengganan Sw.T. tambah 5. T. D. D. M. won-tien 75.	
12. ngwontenaken achtie warni-kalih { a actie menginggil.	
13. miwit ngwontenaken „Jeugd-organisatie” boeahipoen woedjoed pakem-palanipoen laré, nama „Mar-dikoepijs”.	
14. ambijantoe, ngadjengaken sa-ha ambikak sekolah angsal nem panggénan.	
15. K. W. gadah pakem-palan „Dwidja-Swara” ingkang toedjoenipoen adjar njepeng sekolah-an; war-ga katarik contributie saben woelan 1% ning pamedal.	
16. Pados dana srana ngwonten-aken tetingalan „Ringgit - tjiang” angsal batu resik f 114,61 ⁵ kenggé Gréda, Ardjoenashool, Pangroekti-Laja, K. W., Pakem-palan beksa.	
17. ngwontenaken cursus „Wal-landi, Djawi, Latin, ing wanti daloë kenggé tjiang sepoeh; papan 9 panggénan moerid wonten 286.	
18. ngwontenaken „Debating-club”.	
19. K. W. gadah „Coöperatie”.	
20. K. W. gadah bekakas bal-a-petjat saha gadah aandeel 2 idji.	
IV. Oesoel-oesoel dateng P. K. W.	
1. Bestuur gantos sepalih — pang-génan tetep wonten Ambarawa.	
2. Congres tetep wonten Djogja.	
3. Moegi P. K. W. kersaa ambi-jantoe pakem-palan „Dwidja-Swara” woedjoed igoeh-praktikel - banda-baoe - soekoe; saha niijarakken toe-lichting: oetoesan.	
4. Moegi P. K. W. ngwontenana „afdeeling sparen” kenggé P. K. W. saha damela kikisan oep: jén war-ga K. W. gadah tjieléngan semantan (?) saged prei saking arta lengganan Sw.T. toewin Contributie; toe-lichting: oetoesan.	
Panitra J. Darmowidjojo.	
arta mlebet ing salebetipenoen taoen 1929 wonten f 147,13,	
arta medal ing salebeti-ipoen taoen 1929 wonten f 56,85 ⁵ ,	
tirahan (saldo) wonten f 87,27 ⁵ .	

K. W. SEMARANG.

Semarang 31 December 1929.

Ingkang taklim.

Wijsoepoen koela ngatoeri oeni-nga ing pandjenengani poenika kamaskamas bestuur P. K. W. bilih be-stuuring pakem-palan K. W. ing Se-marang, sapoenika ingkang énggal inggih poenika:

1. Pangarsa: R. P. T. Roewidadar-ma. Goeroe Ambachtsschool ing Djombang Semarang.

2. Moeda pangarsa: A. Djoepri Nitihardja. Goeroe H. I. S. Missie Kobong, dalem ing Petelan no. 406 Semarang.

3. Panitra: F. J. Dirdjosoemarta. Goeroe sekolah Kintelan, ing Lem-pongsari no. 377, Smg.

4. Panitra angka II: G. Jasa Adi-soewignja. Goeroe sekolah Redja-sari ing Hiriweg (Semarang Oost) Smg.

5. Hartaka: M. J. Manap Adisoewignja. Goeroe Standaardschool Kobong ing Hawaweg (Semarang Oost) Semarang.

6. Hartaka angka II: Saébani Martawirjana. Goeroe Standaardschool ing Hawaweg Semarang Oost. Semarang.

7. Danaraga: I. C. Soedjana p/a R. M. Soedarta Sasraningrat ing Randoevari Semarang. 2 E. J. S. Martawidagda Mantri Goeroe sekolah Djangi ing Djombang Smg. 3 R. F. S. Adisoesanta goeroe Kaboepatèn ing Semarang Oost. Semarang (Hiriweg).

Andjawi saking poenika bilih wonten dawoe poenapa - poenapa (K. W. saha Swara tama) kaadresna dateng koela Panitra angka I: F. J. Dirdjosoemarta Lempongsari 377 Semarang.

JAARVERSLAG K. W. MOENTILAN.

Ing salebeting taoen 1929 K. W. ngwontenaken:

VAN LITH - STICHTING.

Poenapa

woelan poenika

pandjenenengan

sampoen

ambajar

contributie?

Pangrèh V. L. S.

Bijz. H. I. S.

MAGELANG.

I. a. Parepatan warga pangrèh X 3.

b. Par. warga X 2.

c. Algemeene communie X 2.

d. Receptie.

e. Arak-arakan ageng-agengan ngoermati ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Rama Pius XI djoemeneng imam 50 ta-

oanen.

II. Mengah tjetjahing warga ing

witwitaning taoen 1929 wonten

52.

warga medal 8.

warga mlebet 2.

Dados tjetjahing warga tanggal

31-12-1929 wonten 46.

III. Jejasanipoen K. W. inggih

poenika: O. K. K. (oebaling kates-nan Katholieke).

P. L. (pangroekti Laja).

H. D. (harta daja).

M. W. (moeda waspada).

IV. K. W. oegi gadah bekakas,

bala petjah lan sanès-sanèsipoen.

V. Kawontenakan arta:

OERAPSARI

KABAR KATHOLIEK

Ing Soerabaja: Riaja 25 December.

M. S. F. martosaken bilih kala 25 — 26 Dec. kadang Katholieke ing Srbj. sami alal-balabal manggén ing dalemipoen M. Soedjimin, Djagalan IV: 46, karawoehan prijantoon ± 80. Para ingkang rawoeh katingal rena, goejoep, roekoeh! — Sadérèk M.S.F. ing nginggil sateroesipoen njarijosen ingkang tetemboenganipoen koela loegokaken pleg kados ngandang poenika: ... „Sijangipoen katamoewan R. M. S. Sasraningrat wakil K. W. Semarang, oesoel ingkang kalebet perloe bab ngadjak-adjak K. W. Srbj. sageada dados P. P. K. D., oetawi malih ngrembag prajoginipoen S. K. kadadosaken serat kabar minggon oetawi dagblad sarana sadérèk — sadérèk R. K. ndamel aandeel regi f 50, mawi katjijil saben woelan minangka kangé kapitaal - ipoen. Lantaran poenapa, S. K. poenika tebanipoen wijar sanget katimbang Sw. T. mengahing babagan politiek (— Sw. T. pantjén dédé koran politiek — Red.), oetawi malih katah oplaag - ipoen.

— 0 —

Ing Blitar:

R. R. Adi martosaken: Ing Blitar oegi wonten Mis djam 12 daloe. Gréda kebak mentjeb. Bakda Mis para sadérèk Kath. Djawi ± 30, nglempak wonten dalemipoen S. I. Hardjadarsana, alal-balabal, toewin pista. Ing tengah-tengahaning pista sad. Martasoedarma sosorah bab Kerstmis, lan ngandikakaken bab Pangroekti Laja.

Tanggal 26 - 12 - 29 sonten djam 6 leres wonten Kerstboom, binoeka Rama Pastoor, ngandikakaken bilih Kerstmis poenika kinderfeest; ananging sedaja tjiang inggih kedah soeka - soeka, djalaran Ratoening Katentreman sampoen mandjalma. Ingkang rawoeh: Resident, Boepati djoemeneng toewin ingkang sampoen kendel, Burgemeester, Wedana, Asistant Wedana, tjiang sepoehipoen laré-laré ing zusteran: Djawi, Landi, Tjina; lan moerid-moerid.

Sabibaripoen pamboekanipoen Rama, sadaja sami ngidoeng „Stille Nacht.”

Déné ingkang kapitononaken ingrikoe, kinderspelletjes, déning moerid klas 1 lan 2 zusterschool, katoentoen padoeka zuster - zuster. Sadaja katingal njenengken, nglegakaken toewin nggoemoedjengkaan, ngantos koela boten saged njoemerepi tjtatdipoen.

Ing salebeting pauze kapoek ingkang kangé saldjoe, kobong, mangka tjelak gebering tonil; dados ndadosaken oreging ngakatah. Toedjoenipoen saged énggal kapedjahan.

Ingkang minangka panoetoep laré-laré sami kaperangan dolanan warni-warni. Djam 1/2 8 bibaran. sadaja pinanggih wiloedjeng.

— 0 —

Ing Soerakarta:

Gandeng kalijan dinten adi poenika, K. W. Soerakarta ngawontenaken paahgjaran ngirgas alal-balabal; mila ladjeng jasa comité Decembran, kapangarsan Sad. H. Dwidjadasstra. Tandanging Comité pantes ingalembana; pinter padas arta. Tooneelclub toemandang keras!!

Kalampahan tg. 25 kaseboet saged ngawontenaken pepanggihan manggén ing Speelloods Kath. Europ. School, perloe alal-balabal; saha mèngeti daloe adi waoe.

Wooedjoeding programma:

a. Spietssaking pangarasa Comite Decembran sad. H. Dwidjadasstra. Sadérèk ingkang misoewoer ing mitjara, loewes saha kewesipoen poenika ngendikakaken kanti tjejak aos, toedjoening pepanggihan ing daloe poenika; perloe alal-balabal, apoera-ingapoeran; mila menawi wonten kirang... spreker njoewoen dateng publiek, kersaa ngapointen!

b. Pambikaking paahgjaran: déning sad. Daja oema, atas namaning K. W. Prijantoon wreda ingkang misoewoer ing actief, saha kadoenoengan geest moeda waoe, ngendika tjejak aos, tjes-pleng wonten ing ngadjenging publiek kanti mengagem tjara „Pandoe” ingkang nelakken jén boten wegahan, sagah ngeloek redi. Pangandikanipoen ingkang perloe kajatet, bab:

„Toedjoening pepanggihan” i. p. boten kok nedya ningali tooneel oet. andra-wina; nangin mèngeti rawoeh Dalem Sang Paneboes toewin alal-balabal.

Rawoeh Dalem perloe pinènetan, djer rawoeh Dalem waoe „imbektaol penting kanggén ing manoenisa sadaja i. p. badé mangsoelaken Keprabon Dalem G. Allah, ngrebat kita sking tanganing Djil-

djalaha. Paring toelada kita manoengsa ngambah margi ingkang andjog dateng Swarga; dados margining manoegsa sadaja dateng Swarga.

Spreker ngandika rêmeh sanget manawi Mijos Dalem waoe namoegsa pinènetan ing lair kados mekaten; ingkang perloe kita kedah mèngeti ing kabatosan srana ndadar slira prijangga; sineksèn ing kasoetjian toewin poenapa kémawon ingkang andjog dateng „NDJEMBARAKEN KRATON DALEM” ingkang saget medal margi warni - warni sanget oepami: Toelada saé; mbantoe pakempalan - pakempalan Katholieke inggih ingkang Sociaal oetawi politiek, (langkoeng-langkoeng mban toe dateng wontenipoen „Jeugdorganisatie, Katholieke padvinderij, djer poenika ingkang tjalon dados wa dija-balancing Partij Katholieke ingkang binebahans sesanggén awrat sanget. De toekomst kita sapérangan oegi doemoenoeng wonten ing moeda-moeda kita! Makaten oegi Van Lith Stichting spreker boten kasoe pén ndoréngaken. V. L. S. gadah toedjoe jasa leiders inggih ingkang djoebahan, inggih dasén; makaten oegi ngopéni soenggipoen leiders kita djoebahan waoe.) Makaten oegi mbantoe dateng Soeboering PERS KATHOLIEK!! PERS KATHOLIEK poenika bétèng kita; sendjata kita, Leiders djoebahan toewin dasén betah bantoe saking leiders pèn ingkang ngambah margi ing „Journalistiek terrein.” Pers poenika perloe sanget!! Spreker ngasta koran-koran: Katholieke satanah Indonésia. De Koerier oegi toemoet kepropagandakan.

Bambang Hercules atas namaning Sw. Tm., matoer P. f. dateng sadérèk waoe sasampoening moendoer saking podium !!

c. Sekar ageng saking para siswa rini (Mardiwara Melania Katholieke Standaardschool Djèbrès katoentoen déning sad. Th. Bratasoedirdja).

Manoet verslag saking sadérèk ingkang ahli sekar, kaalembana, saé sanget. P. f. Hercules gadah panjoe woens, mbok bédjing malih mawi gangsa. Iba badé saja saénipoen!

d. Tooneel lampahan „De verloren zoon” karangan saking sadérèk C. Hardjasaébrata, Bregas sanget. Sanganan boten ngoetjiwani. Wonten kabar slenting, jén tonil waoe oegi badé kaoendoe dateng sanés pangénan. Sokoer, P. f. mijneur! Tooneel poenika satoenggiling social werk ingkang boten sakedik daja niipoen gadénging kalijan Katholieke sociale actie.

Moegi widadaa!!

Kirang langkoeng djam 12 pe panggihan bibaran, katoetoep déning pandjenganingpoen Rama Passtoer H. Hoch kanti ngendikaken renaning panggalih !

N. B. Tooneel waoe kapitononaken kaping 2, ingkang sapisanan kangé moerid-moerid pamoelangan Missie sadaja.

Njela sakedik.

Ing verslag Studieclub Soerakata; bab couserie saking sad. Sabdawijata wonten lepating pamerslag i. p. Douwes Dekker oetawi Max. Havelaar of Mutatuli, poenika spreker namoeng ngandika Douwes Dekker tok. Dados poenika lepati poen „verslaggever”.

Moegi ndadosna kawoeningan.

verslaggever
HERCULES.

Ing Ngajogjakarta.

Saking ichijaripoen K. W., gotrah Kath. kala 25/26 Dec. sami pepanggihan, alal-balabal, kemboel dahar, seneng-seneng wonten gedong K. S. B. Ingkang rawoeh langkoeng saking 80, wiwit djam 7.30 sonten doemoegi ngadjengaken djam 12.

Wiwit tapoek doemoegi bibaran prasasat namoeng „Oedan goejoë” inggih margi ingkang kapitononaken sarwa loetjoe: *Levene wajang* (—tjiang kadandosan tjara wa jang loelang mawi tjempoperit, ladjeng kadalangaken; ingkang dados wajang kendel kémawon). Dados pleg wajang koelit, ingkang ngébahaken dalam ipoen); *moderne piano*: o, loetjoe! (—tjiang kaanggé piano! —) *moderne gramafoon*: (—ingkang njoewanten tjiang wonten ngandap médja; slom-prétanipoen woedjoed koekoesan.) enz. enz.

Wonten wiwitlan lan wekasining papanggihan, goemreget oengeling lagon *Indonesia Raja*. *Muziek-club* toemandang keras, boten ngoetjiwani; *Moeda - Katholieke njoembang* „celah raga” boten ngisinaken tiniganan!

Concours tembang mawi pris, toemindak saé. Sadérèk L. Jadiran wonten concours ngrikoe katingal dengen manah dateng Sw. T., déning sekariopoen isi propaganda Sw. Tama!

* Ing salebeting daloe para warga kajideran liist kangé dana dateng Manggarai.

Schnitzel-bank: saweg sapoenika kastrambah wonten péstan Kath. Djawi, kalampahipoen: saé pijambak! Wonten ngrikoe katingal „goejoë” toenggil raos, toenggil pangésti, koemraket!! Ave Maris Stella: toemindakipoen andeoedoet manah; *Panembrama* sekar, gandem njenengaken! *Gangsa gérongan*: ngimbeti goemrengsenging raos bingah! Ing ngrikoe wonten ingkang kedah katjatet, i. p. sadérèk Soegija goeroe Kidoel Lodji katawis sanget anggénipoen moemoenai kagoenan, pantes sineboet *kunstenaar*! Awit mèh sadaja tettingalan ingkang kapitononaken ing ngrikoe mawi njawa kaseboet!!

Tandangipoen Comite, pantes oegi kaalembana!! Sadaja saged toemin-dak kalajan saé! *

— o —

Manawi koela wawas, programma 25 Decemberan ing daloe waoe, wonten raosipoen ngroekeonaken kagoenan Kilèn kalijan Wétan. Éwadéné koela kapeksa nglahiraken: ing daloe poenika katawis manawi Wétan, *semoe* kadawahaken wonten ngandap. Djer, kados ingkang kaseboet ing programma giliranipoen golongan kagoenan Kilèn (muziek enz.) langkoeng katal tinimbang golongan Wétan (-gérongan, levensde wajang, tembang, enz.). Ingkang makaten waoe koela inggih mangertos manawi boten dipoendjarrag; anggén koela mèngeti poenika namoeng soepados bédjing sampoeng ngantos kelampahan makaten malih; apesipoen giliranipoen Wétan kalijan Kilèn kedah kaanggé sami!

— o —

Ing Moentilan kawontenaken tooneel.

Sapa sing ngopéni botjah krana Pandjenganingsoen, prasasat ngopéni Ingsoen pribadi. Math. 18-5.

Satoenggiling prija oelah tapa, ge- grijia ing wana atangga Salib Saselá aradjadaré pirantosing moemoedji tok - telé. Ngadjengaken dinten Wijosan Dalem S.K., kaoengsènan laré alit kasrakat — éwadéné tinampi ta ngan kalih — tètèsing eboen ingkang tinampi minangka tedanipoen nedya kabagé tjiang kalih ! ! !

Djeboel njarengi oengeling lontjeng gréda ageng — saha gadahanipoen Sang Tapa ingkang namoeng prasasat — saron — poen laré. Mantjala poëtra — ketingal Goesti Timoer Pri badi, inggih kados poenapa !

sakedap malih Malaékat apepant an toemedak — amangkoe Sang Tapa ingkang wekdal poenika oegi — kantjian jitma: sorotan pandam: idjem ariem-rijem — kidoenging para Malaékat ngalangoet adamel trenjoe — pasemonipoen Sang Tapa soeméh-tadjem-sadjak: djendjem-ajem-trem, pratanda marem — andeoedoet manah: praosipoen para mirsani kados toemoet: asantoon alam-kepéngin temen-séda kados Sang Tapa — lega lila sanalika poenika oegi. ! ! !

2. Gantos lampahan: rembagian poen: para Malaékat-laré² martir ing Beltekém — pak Tróenasemita ingkang pedjat bibar kabaptis leres-sara Para Soetji sawatasis, bab: Sakr. Baptis, — matoek kalijan ingkang dipenkoermati (laré baptisan 71).

Samanten aosing tettingalan katholieke — andeoedoet kasoetjian — tjengkah lan tettingalan donja — ingkang doedoetanipoen prasasat tansah: dateng: piawon.

Cr.

Kangé sakoela badé matesi *satjekapiopoen* poenika angél sanget, awit ing ngrikoe rembag poenika rak toemoedjoe dateng oemoem ta, boten persoornlik? Éwasemanten mangga koela atoeri katrangan sawatasis poendi ingkang dipoenwastani *satjekapiopoen* waoe. Sokoer sage tjo-tjog, botenipoen inggih kenging kangié tetimbangan. Jén badé matesi satjekapiopoen poenika kedah angéneti andap inggiling dradjad ipoen brajat (de stand van het gezin), awit sadaja tjiang poenika rak wadib — ta ngoedi indaking dradjading kamanoengsanipoen. Sagedipoen waoe inggih namoeng sarana pasi naon. Dados betahipoen temtoe inggih boten sami, oepami kangé A sampoen tjejkap terkadang toemrap B taksih kirang sanget. Moerih radi tjetra mangga koela atoeri tjonto, golanginan goeroe; oepami pasinaon toemrap kangé poetranipoen para goeroe doesoen sampoen tjejkap, bokmanawi kangé poetranipoen goeroe bantoe oetawi goeroe wedalan Normaalschool dèring tjejkap; saja malih poetranipoen para goeroe doesoen, saja malih poetranipoen goeroe ingkang angsal hulpacte oetawi hoofdacte; sak-

wangsoelipoen poëtra goeroe doe soen boten saged badé njaméni poëtra H. K. S. enz. Dados tjejkapiopoen saja inggih dradjadipoen tjiang sepoeh temtoe inggih saja inggih pasinaonipoen. Kadjawi ngéneti dradjad waoe oegi kedah ngéneti kakijatani poenipen pijambak - pijambak. Manawi sakinten taksih saged ngragadi, prajogi dipointer esaken ngantos mateng, sampoen ngantos mogol. Déné manawi katjoepetan ngatene inggih kados - poendi malih. Angger sampon ichijar, boten nama kainan.

Pandjenganingpoen dik S. H. ngendikakaken, poenapa prajogi wanita ngonsa-ongsa dradjading prijantoon kakaeng, — noewoen inggih boten! Poenika koela tjejkog sangat!

Lenging manah koela njakolahaken anak éstri boten soepados saged dados djoeroe serat sesaminipoen, babar pisan, ingkang koela impi-impi, koela sesoewoen rinten daloe, soe pados pinter, djembar seserepan ipoen, loehoer beboedéniipoen, ingkang ing tembénipoen saged dados tjiang éstri (moeder) ingkang wasis anggoela - wentah anak, lan sageda ing bédjing sakéta gesangipoen.

Sakoela kedah ngéneti gesang koela sokoena sampoen saklangkoeng rekao; manawi anak koela ing bén ding nmoeng kados sakoela, wah

ONTJÈN SEKAR GAMBIER MELATI

SERAT KABAR KITA.

— O —

Para maos!

Koela boten saged mastani awon saéning isinipoen Sw. T. toewin S. Kath. ing salebetipoen taoen 1929. Nanging koela jakin sanget, sok tijanga kawadibahan ngoedi saja saéning jajasaniipoen!

Mila, ing awaling taoen 1930 poenika, koela ngrembag „serat kabar kita.” Ing pangangkah sageda sadaja kémawon saja tjanjtoet angadjengaken Sw. T. toewin S. Katholieke.

— o —

Ngadjengaken élékeng taoen éng gal poenika, koela tampi serat sa king mitra koela ing Soerakarta. Soeraoipoen wonten ingkang pan tes koela oemoemaken, i. p. . . . , K. W. Soerakarta badé ada - ada ngawontenaken Corresponde tie Club (. . .) C.C. waoe badé gandeng kalijan P.P.K.D.; djer kalesan P.P.K.D. inggih badé jasa.

Ragad-ragadipoen kasanggi K.W. kalian P.P.K.D.

Badé adegoipoen C.C. ing Soera karta poenika mesti tinampèn keplok mawoerahen déning para Katholieke! Djer, sami mangertos genging paédahipoen Club makaten poenika. Pandjenganen sadaja mesti inggih ladjeng kengetan djaman koentjaranipoen C.C. Ngajogjakarta! Kala samanten mèh saben medal, Sw.T. ngewrat soembangan saking C. C. Dk., mewahi gandemipoen Sw.T. Éman sanget déné C. C. Dk. poenika waoe kenging dipoenwas tani sampoen mas oek liang koe boe er!

— o —

Manoet glagatipoen, manawi C.C. Soerakarta poenika kalampah madeg saestoe, tjalon saged sempeloer. Margi, P.K.W. toewin P.P.K.D. ing ngrikoe poeroen njanggi ragad-ragadipoen C.C. E

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA **BANDOENG**
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLEH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWET INGGIH NAMOENG MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED
ALCYON DUNLOP RIJWIELEN
R. I. W.
Nitjil kenging! — Kentjeng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELEF. 508.

NGATOERI OENINGA.

Koela kekalah kaparingan momongan
ingkang sapisan, medal éstri ngle-
resi soerja 7 December 1929, ingkang
ladjeng koela namani:

„ENGELINE MARIA CONSOLATA
KOESOEMASTOETI.”

Karanganjar
27-12-'29.
J. O. J. Wardhana.
Bern. Rigen.

TOKO DJOEN & CO.

PATJINAN Telef. No. 374 DJOKJA.

BOEWAT MERAJAKAN HARIE RAJA
TAHOEN BAROE.

KITA BAROE TRIMA:

ROEPA² MERTJON DAN KEMBANG APIE

Dari fabriek di Batavia, Semarang, Koedoes, dll.

OKKERNOOT dan KASTANJES

per pond F 1.00

BOEWAH APPEL jang bagoes dan lain².

Datenglah saksiken!

Memoedjikan dengen hormat

Toko DJOEN & Co.

Redactie toewin Administratie Swara Tama njaosi soegeng taoen baroe.

„Koela sagotrah ngatoeraken
basoeki ardja, ingarsa pandje-
nengan sadaja.”

POEN J. MARDJILIN PADMOWIJOTO.

— TOKO BARANG-BARANG — H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5.75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permianan boeat anak-anak ketjil. —

Semoea barang paling djempol, dan
moerah sekali!

— TOKO BARANG-BARANG — H. SPIEGEL — Djokja.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6.8.	Pekalongan ³⁾	7.30.	Soerabaja:
Amboina	7.30.	Lawang ⁵⁾	7.	Pemalang ³⁾	7.30.	Kepadijen 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Bou. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7.9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal ²⁾ 7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari ⁶⁾	7.30.	Sambong	8.	Tering 7.
		Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30.
Kampementstraat	Eur. 7 - 9.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi 6 - 8.
"	Jav. 6 - 8.	Modjokerto	6 - 8.	Sedijiram	5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates ⁷⁾ 7.
Djompong ¹⁾	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:
Fort de Kock	7.30.	Ngawi ⁷⁾	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gandjoeran ²⁾	7.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Gombong ³⁾	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30.
Keboem ⁴⁾	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Kediri	7.30.	Klaten	7.9.	Soekaboemi	6 - 7.30.	
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean ¹⁾	7.30.			

: 1e. Achad. 3) 2e. Achad. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad.

2) 1e. + 3e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 6) 2e., 4e. Achad. 8) 4e. Achad.

sareng. Mengkah ingkang dados saba-
bipoen: Pangageng mireng kin-
ten-kinten ing poengkasuning taoen
poenika, P.N.I. ing poendi-poendi
badé damel gègèr.

Kanggé njatakaken prakawis poe-
nika, Pangageng dawoeh angro-
pjok tjabang-tjabang P.N.I., ang-
glédah ing grijanipoen para pangreh,
poenapadéné pangandoer-pangan-
djoeripoen P.N.I.

Anggénipoen tjetjawis nindakaken
glédahan waoe dipoenanggé wa-
dos prepit sanget, sarta kedah toe-
mindak sareng wonten ing dinten
Ngahad éndjing djam nem.

Mila sareng poelisi nindakaken
glédahan, tetijang inggih sami kaget
boten njana pisan-pisan!

Papan-papan ingkang sami kaglédah
dhoelisi, i.p.:
Krawang: 25 enggén; Sérang;
Betawi: 50 panggénan. Padjagén
militèr ing bétèng-bétèng dipoen-
santosani sawatawis. Ing Weltevre-
den wonten militèr bangsa Priboe-
mi ingkang ladjeng kawedalaken,
margi katasas ambarakan kalijan
P.N.I. Semanten oegi ing Bandoeng
inggih wonten sersan Priboemi ing-
kang kapotjot. Sekolah-sekolahan
Mohammad-Dijah katah ingkang
katoet dipoen-glédah. Ngahad énd-
jing waoe, poelisi andjagi kentjeng
konggrésipoen para wanita ingkang
manggèn ing gedong P.N.I. ing
Gang Kenari. Poelisi angglédah kan-
toripoen clubgebouw waoe. Boten
kanjana pisan-pisan, déné nalika
konggrés badé katapokaken pan-
traning konggrés maos serat ka-
trangan bilih konggrés poenika babar
pisen boten sasambatan kalijan P.N.I.
toewin P.P.K.I. Kadjiwi poenika
dipoenteeda kalajan sanget soepaddo
para ingkang wonten ngrikoe boten

Njoeda poenggawa.
Wonten konggrés P.P.P.H., ing-
kang manggèn oemoem kala Ngahad
kapengker, manggèn ing Stadstuin-
bioscoop Semarang, pamedar sabda
sadérék Soerapranata medar sabda

mawi basa Djawi ngoko. Sosorah-
ipoen wonten ingkang asoeraos:
ing salebetipoen taoen 1930 dienst
pagantosan badé ngirid poenggawa.
Kinten-kinten wonten onderbeheer-
der, schatter lss., tigang atoesan
ingkang tjalon kapotjot. Malah pra-
kawis poenika sampoeno dipoenas-
raedoeki Raad Kawoela, namoeng
kantoen ngentosi poetoesan saking
Nederland. Pranatan makaten poe-
nika boten adil. Awit, batiniopoen
pagantosan poenika kirang lang-
koeng 12 joeta. Oepami babatèn
poenika dipoensoeda sakedik, kang-
ge ambajar poenggawa, mesti boten
badé wonten pangiridan makaten.
Nanging Nagari boten seneng toe-
mindak makaten, djer namoeng ba-
dé pados oentoeng kémawon. Mar-
gi makaten waoe, pakempalan P.P.
P.H. badé amboedidaja noelak pra-
kawis poenika. (Verslag Bahagia.)

**
Poelisi anggénipoen nindakaken
glédahan, angsal serat-serat pinten-
pinten nggrobag. Serat-serat poe-
nika badé dipoenitipriksa wonten
ambet-ambetipoen nedya brontak
poenapa boten.

**
Njoeda poenggawa.

Wonten konggrés P.P.P.H., ing-

kang manggèn oemoem kala Ngahad

kapengker, manggèn ing Stadstuin-

bioscoop Semarang, pamedar sabda

sadérék Soerapranata medar sabda

mawi basa Djawi ngoko. Sosorah-

ipoen wonten ingkang asoeraos:

ing salebetipoen taoen 1930 dienst

pagantosan badé ngirid poenggawa.

Kinten-kinten wonten onderbeheer-

der, schatter lss., tigang atoesan

ingkang tjalon kapotjot. Malah pra-

kawis poenika sampoeno dipoenas-

raedoeki Raad Kawoela, namoeng

kantoen ngentosi poetoesan saking

Nederland. Pranatan makaten poe-

nika boten adil. Awit, batiniopoen

pagantosan poenika kirang lang-

koeng 12 joeta. Oepami babatèn

poenika dipoensoeda sakedik, kang-

ge ambajar poenggawa, mesti boten

badé wonten pangiridan makaten.

Nanging Nagari boten seneng toe-

mindak makaten, djer namoeng ba-

dés pados oentoeng kémawon. Mar-

gi makaten waoe, pakempalan P.P.

P.H. badé amboedidaja noelak pra-

kawis poenika. (Verslag Bahagia.)

Indonesia Moeda.

Margi sami ngroemaosi preloe-

nipoen manoenggil, pakempalan-pa-

kempalanipoen para néneman kados-

déné Jong Java, Jong Islamieten

Bond, Pemoeda Indonesia lss., sami

ambibaraken pakempalanipoen pi-

jambak-pijambak, ladjeng damel pa-

kempalan satoenggal kanamakken

Indonesia Moeda. Dados sapoenika

wonten Jong Java lss., ing-

kang wonten Indonesia Moeda.

Serat-serat kabar ingkang dados

awisan.

Manoet Bat. Nieuwsblad, serat-

serat kabar ingkang kaseboet ing

ngandap poenika boten kenging mle-

bet wonten ing tangsi: Persatoean

Indonesia (redactie: Ir. Soekarna,

Mr. Soenarja); Bantèng Priangan,

Seloeh Indonesia, Djanget, Sedya

Tama, Pemoeda Indonesia, Indonesia

Merdeka.